Sahifani PDF tarzda yuklab olish (116 Kb) Versiyasi Sahifani doc tarzda yuklab olish (116 KB)

# Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Қарары

### 2016-жылға Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы мәмлекетлик көшпес мүлклерден пайдаланыўда ижәра төлемлериниң ең кем ставкасын тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2009-жыл 8-апрельдеги «Мәмлекет мүлкин ижараға бериў тәртибин жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 102-санлы қарарын *(Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2009 йил, 15-сон, 186-модда)* орынлаў мақсетинде ҳәм Өзбекистан Республикасы Меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў мәмлекетлик комитетиниң 2015-жыл 17-ноябрьдеги 406/01-14-санлы усынысына муўапық ҳәмде Өзбекистан Республикасы Финанс министрлигиниң 2015-жыл 23-декабрьдеги БЮ/08-03-32-13/218-санлы ҳәм Өзбекистан Республикасы Экономика министрлигиниң 2015-жыл 23-декабрьдеги 107-санлы «Мәмлекетлик көшпес мүлклерден пайдаланыўда ижара төлемлериниң ең кем ставкасын анықлаў ҳаққында»ғы келисимлерин есапқа алып, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

**Қ А Р А Р Е Т Е Д И:**

1. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2009-жыл 8-апрельдеги «Мәмлекет мүлкин ижәраға бериў тәртибин жетилистириў ис-илажлары ҳаққында»ғы 102-санлы қарары, Өзбекистан Республикасы Меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў мәмлекетлик комитетиниң 2015-жыл 17-ноябрьдеги 406/01-14-санлы усынысы, Өзбекистан Республикасы финанс министрлигиниң 2015-жыл 23-декабрьдеги БЮ/08-03-32-13/218-санлы ҳәм Өзбекистан Республикасы экономика министрлигиниң 2015-жыл 23-декабрьдеги 107-санлы «Мәмлекетлик көшпес мүлклерден пайдаланыўда ижара төлемлердиң ең кем ставкасын анықлаў ҳаққында»ғы келисимлери басшылыққа алынсын.

2. Төмендегилер:

а) Қарақалпақстан Республикасында көшпес мәмлекетлик мүлклерден пайдаланғанлығы ушын 2016-жылда 1 кв. метрге қолланылатуғын ижара төлемлериниң ең кем ставкалары 1-қосымшаға муўапық;

б) Ижәраға берилетуғын имәратларды ижәраға бериўде аймақлық зоналарды есапқа алыў, пайдаланыў қолайлықлары, қоңсылас аймақтан пайдаланыў, қурылыс түрлерине қарап, тийкарғы қураллардың өсиўши коэффициентлери ҳәмде келип түскен ижәра төлемелерин бөлистириў тәртиби 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Мүлкшилик түрине қарамастан барлық министрликлер, мәкемелер, басшылары қала ҳәм районлар ҳәкимликлери өз балансларындағы пайдаланып (ижәраға берилип) ҳәм пайдаланбай бос турған мәмлекетлик мүлклери ҳаққындағы мағлыўматларды Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекет мүлкин ижәраға бериў орайы мәмлекетлик унитар кәрханасына толық өз ўақтында берилиўин тәмийинлеўде жеке жуўапкерлиги белгиленсин.

4. Төмендегилер:

а) Мәмлекет мүлкин ижәра шәртнамасы дүзбестен ижәраға бериў, ижәра шәртнамасында ижәраға берилген мүлктиң параметрлери ҳәм саны билқастан натуўры көрсетилгенлиги, буның нәтийжесинде ижәра төлеминиң жасырылыўына алып келгенлиги анықланған жағдайда, Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекет мүлкин ижәраға бериў орайы мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен сол күннен баслап 3 (үш) күн ишинде белгиленген тәртипте мәмлекет мүлкинен пайдаланған дәўир ушын ижара төлеминиң 2 (еки) есеси муғдарында есапланатуғынлығы ҳәм оны өндириў ушын тийисли ҳүжжетлер балансқа сақлаўшыға усынылатуғынлығы;

б) Қарақалпақстан Республикасындағы мәмлекетлик мүлклерди «ноль» ставкада ижәраға берилиўи бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бийлиги тийкарында әмелге асырылатуғынлығы белгилеп қойылсын.

5. Қарақалпақстан Республикасындағы мәмлекетлик мүлки есапланатуғын имәрат ҳәм қурылмаларында жайластырылатуғын бюджет шөлкемлери
ушын ижәра төлеми «ноль» ставкада белгиленсин.

6. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2014-жыл 29-декабрьдеги «2015-жылға Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы мәмлекетлик көшпес мүлклерден пайдаланыўда ижәра төлемлердиң ең кем ставкасын тастыйықлаў ҳаққында»ғы 335-санлы қарары өз күшин жоғалтқан деп табылсын.

7. Бул қарар “Еркин Қарақалпакстан” газетасында рәсмий жарияланссын

8. Бул қарар рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

9. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығы орынбасары М. Мамутовқа жүклетилсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Б. Янгибаев**

Қарақалпақстан Республикасы

Министрлер Кеңесиниң

2015-жыл «___» декабрдеги

_________ - санлы қарарына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасында көшпес мәмлекетлик мүклерден пайдаланғанлығы ушын 2016-жылда 1 кв. метрге қолланылатуғын ижара төлемлериниң ең кем ставкалары**

| Қ/с | Хызмет түрлериниң коды | Ижараға алынған майданды пайдаланыў хызмет түри | 1 кв м. ушын жыллық ең кем ставкасы (сум) |
|---|---|---|---|
| **Санаат** | | | |
| 1 | 11 200 | Жанар май санааты | 3 500 |
| 2 | 13 100 | Химия санааты | 3 500 |
| 3 | 13 300 | Нефть-химия санааты | 3 500 |
| 4 | 14 100 | Машина қурылысы | 3 500 |
| 5 | 14 200 | Әспаб-үскене ҳәм станок қурылысы санааты | 3 500 |
| 6 | 14 300 | Есаплаў техникаларын ислеп шығарыў санааты | 3 500 |
| 7 | 14 400 | Трактор ҳәм аўыл хожалық машиналары қурылысы | 2 800 |
| 8 | 14 500 | Қурылыс, жол ҳәм коммунал машиналарын ислеп шығарыў қурылысы | 2 800 |
| 9 | 14 600 | Жеңил, азық-аўқат ҳәм турмыс приборлары ушын машина ислеп шығарыў | 2 800 |
| 10 | 14 710 | Санитария-техникалық ҳәм газ үскенелери ҳәм де буйымларын ислеп шығарыў | 3 500 |
| 11 | 14 800 | Металлоконструкция ҳәм буйымлар ислеп шығарыў санааты | 3 500 |
| 12 | 14 900 | Машина ҳәм үскенелерди оңлаў | 3 500 |
| 13 | 14 780 | Машина қурылысының басқа тараўлары | 3 500 |
| **Тоғай, ағашты қайта ислеп шығарыў ҳәм целлюлоза-қағаз санааты** | | | |
| 14 | 15 100 | Ағаш таярлаў санааты | 3 500 |
| 15 | 15 200 | Ағашты қайта ислеў санааты | 3 500 |
| 16 | 15 300 | Целлюлоза-қағаз санааты | 3 500 |
| 17 | 16 100 | Қурылыс материалларын ислеп шығарыў санааты | 3 500 |
| **Жеңил санаат** | | | |
| 18 | 17 100 | Тоқымашылық санааты | 3 500 |
| 19 | 17 200 | Тигиў санааты | 3 500 |
| 20 | 17 300 | Тери, жүн ҳәм аяқ кийим санааты | 3 500 |
| 21 | 17 900 | Жеңил санааттың басқа түрлери | 3 500 |
| **Азық аўқат санааты** | | | |
| 22 | 18 100 | Азық-аўқат санааты (балық, гөш, май-сыр ҳәм сүт санаатынан басқа) | 3 500 |
| 23 | 18 200 | Гөш ҳәм сүт санааты | 3 500 |
| 24 | 18 300 | Балық санааты | 3 500 |
| 25 | 19 210 | Ун-жарма санааты | 3 500 |
| 26 | 19 220 | Комбикорм (аралас азық) ислеп шығарыў санааты. | 2 800 |
| 27 | 19 700 | Азық-аўқат санааттың басқа түрлери | 3 500 |
| **Санааттың басқа тармақлары** | | | |
| 28 | 19 300 | Медицина санааты | 3 500 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 29 | 19 400 | Баспа санааты | 9 900 |
| 30 | 19 740 | Кийим-кеншек ҳәм гезлемеден таярланған буйымларды химиялық тазалаў, бояў, жуўыў ҳәм оларға ислеў бериў * | 4 200 |
| 31 | 19 900 | Санаатты хожалық усылда басқарыў | 9 900 |

**Аўыл хожалығы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 32 | 21 100 | Өсимликлер өсириў (соның ишинде теплица хожалығы) 1 га | 1 411 200 |
| 33 | 21 200 | Шарўашылық ҳәм қус өсириў | 1 700 |
| 34 | 21 300 | Балық өсириў (соның ишинде өршитиў орны хожалығы) 1 га | 1 411 200 |
| 35 | 22 200 | Ветеринария хызмети | 3 500 |
| 36 | 22 300 | Аўыл хожалығына хызмет көрсетиўши басқа кәрханалар | 3 500 |
| 37 | 30 000 | Тоғай хожалығы (соның ишинде бағ) 1 га | 1 411 200 |

**Транспорт ҳәм байланыс**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 38 | 51 111 | Улыўма пайдаланатуғын жер үсти темир жол транспорты | 3 500 |
| 39 | 51 121 | Транспорт инфрадузилмелери (автобус парки, такси парки, автомобиль тоқтаў орны, гаражлар ҳәм автомобиль жуўыў орынлары) | 3 500 |
| 40 | 51 121 | Транспорт инфрадүзилмеси (жәриймә майданшалары) | 900 |
| 41 | 51 520 | Халықтың талабы бойынша жүклерди тасыў ҳәм басқа транспорт хызметин көрсетиў | 6 400 |
| 42 | 52 100 | Почта байланысы | 3 500 |
| 43 | 52 200 | Курьер хызмети | 7 000 |
| 44 | 52 300 | Электро-өткизиўши байланыс | 7 000 |
| 45 | 52 300 | Электор, радио, сотовый (уялы) ҳәм пейджинг байланыслары | 29 600 |

**Қурылыс**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 46 | 60 000 | Қурылыс | 3 500 |
| 47 | 66 000 | Жойбарлаў, жойбарлаў-изертлеў шөлкемлери | 3 500 |

**Саўда ҳәм улыўма аўқатланыў**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 48 | 71 100 | Көтере саўда | 9 900 |
| 49 | 71 130 | Көтере саўда базары | 25 400 |
| 50 | 71 200 | Усақлап сатыў | 9 900 |
| 51 | 71 300 | Улыўма аўқатланыў * | 9 900 |
| 52 | 71 200 | Китап дүканлары * | 1 400 |
| 53 | 71 400 | Прокатка мәдений турмыс обьектлерин тапсырыў | 9 860 |
| 54 | 71 500 | Халық тутыныў товарларын алып сатыўда брокер хызмети | 15 500 |
| 55 | 80 000 | Материал-техникалық буйымлар менен тәмийинлеў ҳәм сатыў | 9 900 |
| 56 | 82 000 | Информациялық-есаплаў хызмети | 9 900 |
| 57 | 82 100 | Интернет ҳәм компьютер тармақлары арқалы хызмет көрсетиў | 9 900 |
| 58 | 83 000 | Көшпес мүлклер бойынша операциялар | 9 900 |
| 59 | 84 300 | Реклама ҳәм ўәкиллик хызмети | 9 900 |
| 60 | 84 400 | Аудитор хызмети | 9 900 |
| 61 | 84 500 | Маркетинг изертлеў, финанс-басқарыў ҳәм коммерциялық хызметлер бойынша консультация бериў | 9 900 |
| 62 | 85 000 | Геологиялық геодезиялық ҳәм гидрометеорологиялық хызмет | 17 600 |
| 63 | 87 100 | Баспахана ҳәм редакция жумыслары | 5 600 |
| 64 | 87 300 | Металл сынықларын ҳәм шығындыларды жыйнап таярлаў шөлкемлери | 5 600 |
| 65 | 90 100 | Турақ жай коммунал хожалығы (ТСЖ объектлери) | 5 600 |
| 66 | 90 220 | Мийманхана | 11 300 |
| 67 | 90 300 | Халыққа ислеп шығарыўға тийисли емес болған турмыс хызметин көрсетиў | 5 600 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 68 | 90 300 | Шаштәрезхана, фотосалон, аяқ кийим устаханасы ҳәм кийим-кеншек тигиў цехи | 8 500 |
| 69 | 90 300 | Ломбард | 12 700 |
| 70 | 90 300 | Монша | 17 000 |
| 71 | | Сауна ҳәм бассейнлер | 33 900 |
| **Ден-саўлықты сақлаў, дене тәрбия ҳәм социаллық тәмийинат** | | | |
| 72 | 91 510 | Ден саўлықты сақлаў | 7 000 |
| 73 | 91 600 | Туризм ҳәм дем алыў * | 7 000 |
| 74 | 91 611 | Дем алыў ҳәм ойын күлги дәстүрлерин шөлкемлестириў (бильярд, ойын автоматлары, дискотекалар ҳәм т.б.) | 11 300 |
| 75 | 91 700 | Физкультура (дене тәрбия) ҳәм спорт* | 3 500 |
| 76 | 71 212 | Дәрихана шөлкемлери **, оптика ҳәм медицина үскенелерин сатыў дүканлары | 5600 |
| **Билимлендириў** | | | |
| 77 | 92100 | Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимге ийе кадрларды таярлаў (соның ишинде оқыў курслары)* | 5 600 |
| 78 | 92 200 | Исшилердиң ҳәм басқа қәнийгелердиң тәжрийбесин асырыў | 4 900 |
| 79 | 92 310 | Улыўма билим бериўши балалар мектеплери (мәмлекетлик емес шөлкемлер ушын) * | 2 800 |
| 80 | | Оқыў орынларында улыўма аўқатланыў (асхана, зал ҳәм жәрдемши ханалар) * | 3 500 |
| 81 | 92 400 | Оқыўға шекемги тәрбия шөлкемлери (мәмлекетлик емес шөлкемлер ушын) | 2 800 |
| 82 | 93 000 | Мәдених ҳәм көркем өнер * | 9 900 |
| 83 | 93 132 | Көргизбелер | 8 500 |
| 84 | 93 145 | Мектептен тысқары тарбиялаў * | 2 800 |
| 85 | 93 160 | Мәдений парк ҳәм дем алыў * | 7 000 |
| 86 | 93 170 | Зоопарк ҳәм ботаника парки * | 7 000 |
| 87 | 93 180 | Радио еситтириў ҳәм телевидение редакциялары | 7 000 |
| 88 | 93 620 | Сес жазыў студиясы ҳәм киностудиялар | 11 300 |
| 89 | 95 000 | Илим ҳәм илимий хызмет көрсетиў | 4 200 |
| **Финанс-кредит хызмети** | | | |
| 90 | 96 000 | Финанс, кредит (қамсызландырыў ҳәм аудитор хызметинен тысқары), пенсия тәмийинаты | 9 900 |
| 91 | 96 100 | Банк хызмети | 9 900 |
| **Басқа хызмет түрлери** | | | |
| 92 | 96 200 | Қамсызландырыў | 9 900 |
| 93 | 97 800 | Суд ҳәм юридикалық хызметлер | 8 500 |
| 94 | 97 820 | Адвокатлар коллегиялары ҳәм юридикалық консультациялары | 8 500 |
| 95 | 98 000 | Жәмийетлик шөлкемлер | 2 800 |
| 96 | 80 200 | Амбарханалар (склад) | 9 900 |
| 97 | | Мәмлекетлик шөлкемлер ушын офислер | 4 200 |
| 98 | | Жеке меншик шөлкемлерге ушын офис | 15 500 |
| 99 | | Жанар май шақапшасы | 11 300 |
| 100 | | Жеңил автомобиль ҳәм басқа транспорт қуралларына техникалық хызмет көрсетиў ҳәм оңлаў | 11 300 |
| 101 | | Лабороториялар | 7 000 |
| 102 | | Ҳәр түрли хызметлерге төлемлер (пайнет) | 28 300 |
| 103 | | Мәдений мийрас имаратлары ҳәм қурылмаларындағы объектлериндеги саўда хызмети | 15 500 |
| 104 | | Мәдений мийрас имаратлары ҳәм қурылмаларындағы объектлериндеги улыўма аўқатланыў * | 13 500 |
| 105 | | Авиа касса (соның ишинде темиржол, автотранспорт ҳәм т.б.) | 15 500 |
| 106 | | Банкомат | 141 300 |

| | | |
|---|---|---|
| 107 | Нан ҳәм нан өнимлерин ислеп шығарыў | 9 900 |

* Регионлардың (республика, ўәлаят) алыс узақлықта жайласқан аўыллық ҳәм таўлы жерлер ушын ижара ҳақының ең кем ставкасы 25%  кемейеди. Мәмлекетлик көшпес мүлклерден пайдаланыўда ижара төлемлердиң ең кем ставкасын тастыйықлаўда алыс узақлықта жайласқан аўыллық ҳәм таўлы районлардың дизими Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм ўәлаятлар ҳәкимликлери шешимлери менен тийисли коэфицентлерин анықластырған ҳалда Өзбекистан Республикасы Меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў мәмлекетлик комитети менен келисилген ҳалда белгиленеди.
** Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2009-жыл 30 июньдағы
07/10-41-санлы мәжлис баянының 11-бәнтине муўапық, барлық түрдеги меншик дәрихана кәрханаларының Аўыллық шыпакерлик пунктлеринде (АШП) ҳәрекет етип турған филиалларына ижара төлеминиң «ноль» баҳасы қолланылады.
***Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жылғы
22-ноябрьдағы 02/1-74-санлы тапсырмасына муўапық, жабық әскерий қалашалар ҳәм алыс жерде жайласқан горнизонлардағы хызмет етиўши Өзбекистан Республикасы Қорғаныў министрлигине қараслы саўда шақапшалары ушын мәмлекетлик мүлклерди ижараға алыўда ижара төлеминиң «нол» баҳасы қолланылады.

**Еслетпе:** Коммуналлық хызметлер ушын төлемлер, объектлерди корғаў, жер салығы
ҳәм қосымша салық төлемлери (ҚСТ) ижара төлемлериниң қурамына кирмейди.

Қарақалпақстан Республикасы

Министрлер Кеңесиниң

2015-жыл «___» декабрдеги

_________ - санлы қарарына 2-қосымша

**Ижәраға берилетуғын имәратларды ижәраға бериўде аймақлық зоналарды есапқа алыў, пайдаланыў қолайлықлары, қоңсылас аймақтан пайдаланыў, қурылыс түрлерине қарап, тийкарғы қураллардың өсиўши коэффициентлери ҳәмде келип түскен ижәра төлемелерин бөлистириў тәртиби**

Ижара төлемлерин есаплаў ҳәм өсиўши коэффициентлер төмендеги формулаға муўапық есапланады:

Qc = Mc x Кз x (Кс + Кт +Ку)

Qc – ижара төлеминиң 1 жылға 1 м.кв. ушын таяныш ставкасы

Мс - ижара төлеминиң 1 жылға 1 м.кв. ушын ең кем ставкасы

Кз – аймақлық зоналарын есапқа алыў коэффициенти

Кс – қурылыс түрине қарап коэффициент (бөлек жайласқан имарат, имаратқа қосып қурылған, имараттың төбеси, чердак, ярым жер төле, жер төле)

Кт – қоңсылас аймақтан пайдаланыў коэффициенти

Ку - пайдаланыў қолайлықлары (бас автотранспорт жолының бойында жайласқан, екинши дәрежели жол бойында жайласқан ҳәм т.б.) коэффициенти.

Ставка Мс 2016-жыл ушын Өзбекистан Республикасы Меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў мәмлекетлик комитетиниң 2015-жыл 17-ноябрдеги 406/01-14-санлы усынысы, Экономика министрлиги ҳәм Финанс министрликлери менен биргеликтеги 2014-жыл 23-деабрьдеги 107, БЮ/08-03-32-13/218, санлы келисимине муўапық ижара төлеминиң ең кем ставкасы базасынан алынды.

1. Аймақлық зоналарды есапқа алыў коэффициенти:

| Қ/с | Аймақлық зоналар | Өсиўши коэффициент |
|---|---|---|
| 1. | Нөкис қаласы | 2,3 |
| 2. | Қоңырат районы | 2,0 |
| 3. | Хожели районы | 2,0 |
| 4. | Қанлыкөл районы | 1,8 |
| 5. | Шоманай районы | 1,8 |
| 6. | Төрткүль районы | 2,0 |
| 7. | Беруний районы | 2,0 |
| 8. | Елликқала районы | 2,0 |
| 9. | Әмиўдарья районы | 2,0 |

| | | |
|---|---|---|
| 10. | Нөкис районы | 1,9 |
| 11. | Кегейли районы | 1,8 |
| 12. | Шымбай районы | 18 |
| 13. | Қараөзек районы | 1,8 |
| 14. | Тахтакөпир районы | 1,8 |
| 15. | Мойнақ районы | 1,8 |

1. Коэффициент Кс – қурылыс түри бойынша коэффициент:

| Қ/с | Имәрат яки қурылыс | Коэффициент |
|---|---|---|
| 1. | Бөлек жайласқан имарат, қурылма | 2,0 |
| 2. | Имәрат ишинде жайласқан хана ямаса қосып салынған имәрат | 1,5 |
| 3. | Имәраттың жоқарғы тәрепи | 1,2 |
| 4. | Чердак, мансарда | 1,2 |
| 5. | Жер төле (подвал), ярым жер төле | 1,0 |

1. Коэффициент Кт - Қоңсылас аймақтан пайдаланыў коэффициенти:

Жер участкасы бар болғанда – 1,0;

1. Коэффициент Ку – пайдаланыў қолайлықлары коэффициенти:

Нөкис қаласы ушын – 1,0;

Бас автомобиль жоллары бойында ҳәм районларда жайласқан – 0,8;

5. Келип түскен ижара төлемлерин бөлистириў тәртиби:

Мәмлекет ийелигинде болған пайдаланбай бос турған имарәтлар (объектлер, қурылмалар, майданшалар, тийкарғы қураллар, автотранспорт ҳәм т.б) бойынша ижара шәртнамалары Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекет мүлкин ижараға бериў орайы Мәмлекетлик унитар кәрханасы арқалы дүзилип, келип түскен ижара төлемлерини 50% бюджетке, 40% балансту сақлаўшыға ҳәм 10% ижара орайына бөлистириледи.

*Ko'rib chiqildi:*

Izlash

- Vazirlar Kengashi
- Statistik va tahliliy ma'lumotlar
- Vazirliklar va idoralar
- Shahar va tuman hokimliklari
- Hujjatlar
- Respublika mehmonlariga
- Elektron hukumat
- Interaktiv davlat xizmatlar